



Pwogram Repi nan Ka Kriz ak Soutyen nan Rezidans nan Ka Kriz: Kesyon Moun Poze Souvan

1. Kisa Pwogram Repi nan Ka Kriz ak Soutyen nan Rezidans nan Ka Kriz yo ye?

Pwogram Repi nan Ka Kriz ak Soutyen nan Rezidans nan Ka Kriz yo se pwogram volontè, sou yon tan ki kout pou moun ki ap fè fas kare ak yon kriz emosyonèl oswa sante mantal li pa ka jere nan anviwònman kote l ap viv kounye a. Yo kapab yon altènatif nan plas vizite yon sal ijans oswa entène lopital si moun nan pa reprezante yon danje pou pwòp sekirite pa l oswa sekirite lòt moun.

Pwogram sa yo ofri sipò kanmarad. Kanmarad yo se manm kominote a ki itilize eksperyans yo viv yo ak fòmasyon pwofesyonèl yo pou yo bay sèvis, tankou, bay moun ki sòti nan adiksyon oswa ki gen yon pwoblèm sante mantal soutyen ak konsèy.

2. Èske mwen dwe gen yon dyagnostik sante mantal pou yo admèt mwen?

Non, pwogram sa yo pou nenpòt moun ki elijib ki nan yon kriz emosyonèl oswa yon kriz sante mantal, avèk oswa san yon dyagnostik sante mantal. Li pa nesesè pou genyen yon dyagnostik sante mantal.

3. Kisa kritè kalifikasyon pou pwogram sa yo ye?

Moun nan dwe:

- Gen 18 an oubyen plis
- Moutre sentom yon kriz emosyonèl oswa sante mantal
- Pa yon danje imeda pou sekirite pwòp tèt li oswa lòt moun
- Gen volonte pou l patisipe nan pwogram nan

4. Èske mwen dwe gen asirans sante?

Li pa nesesè pou w genyen yon asirans sante. Yo ka aksepte moun ki koresponn ak kritè ki anwo yo, kèlkeswa kapasite yo pou yo peye.

5. Pou konbyen tan mwen ka rete nan pwogram nan?

Pwogram sa yo fèt pou sejou pou tan ki kout. Moun yo aksepte nan pwogram nan (yo rele yo "envite") ka rete ant 1 ak 28 jou, selon evalyasyon yo sou bezwen yo pandan yo nan pwogram nan.

6. Èske gen pwogram nan minisipalite mwen an?

Wi, gen pwogram sa yo nan tout senk minisipalite Vil New York la. Envite yo kapab rete nan nenpòt pwogram ki disponib tou, menm si yo pa abite nan minisipalite sa an patikilye.

7. Èske pwogram sa yo se yon altènativ pou lojman?

Pwogram Repi nan Ka Kriz ak Soutyen nan Rezidans nan Ka Kriz yo pa ka ede envite yo jwenn lojman. Yo gen yon estaf ki pou bay soutyen nan moman kriz emosyonèl. Envite yo dwe gen yon plan pou kote yo pral viv apre sejou yo a.

8. Èske mwen bezwen patisipe nan sèvis pwogram yo?

Admisyon an volontè. Sepandan, envite yo dwe rankontre ak estaf yo epi patisipe nan sèvis pwogram yo pou ede yo simonte kriz emosyonèl la epi prepare yo pou egzeyat. Sèvis sa yo gen ladan yo evalyasyon bezwen, planifikasyon sèvis, fikse objektif ak lòt sèvis ki baze sou bezwen endividyle yo.

9. Èske m ap kapab rankontre anpliwaye klinik yo (sikyat, sikològ, terapet, travayè sosyal) nan kad pwogram nan?

Envite yo dwe rankontre ak estaf klinik yo andeyò pwogram nan. Espesyalis Sipò Kanmarad ofri sipò kanmarad nan pwogram nan epi yo ka ede dirije envite yo nan sèvis yo bezwen yo.

10. Èske m ap kapab pran medikaman mwen nan kad pwogram nan?

Wi, yo ankouraje envite yo pou yo pran medikaman yo preskri yo poukонт yo. Gen yon asistans pou rapèl ak kote pou mete medikaman yo ki disponib sou demann.

11. Èske m ap kapab ale travay pandan mwen rete nan pwogram nan?

Wi. Malgre envite yo dwe rete lannwit lan nan pwogram nan, yo ka kontinye ak aktivite abilityèl yo chak jou, tankou ale nan travay, ale nan lekòl oswa nan klas, ale nan randevou ak founisè tretman, ak vizite zanmi yo ak fanmi yo.

12. Kijan pou m jwenn sèvis yo?

Rele nan 988 pou w aprann plis sou pwogram repi nan ka kriz ak soutyen nan rezidans nan ka kriz la. Fòmilè referans lan disponib sou entènèt nan on.nyc.gov/crisis-respite-form.

Nòt: FAQ sa a gen konsiderasyon pou tou de pwogram repi nan ka kriz ak pwogram Soutyen nan Rezidans nan Ka Kriz ki otorize yo (ki gen lisans Biwo Sante Mantal Eta a [Office of Mental Health]) nan Vil New York.